



Dwa ou genyen pou Repezantasyon

Ki sa ki andedan

Ki sa yon reprezantan ka fè	1
Chwazi yon reprezantan	2
Ki sa reprezantan w lan ka chaje w	2
Pou depoze yon akò pou frè	2
Pou depoze yon petisyon pou frè	2
Ki valè ou peye	3
Si yon lòt mounn peye reprezantan w lan	3
Si w pè apèl pou reklamasyon w lan nan tribinal federal	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

Ou ka gen yon reprezantan, tankou yon avoka oswa yon moun ki pa avoka, pou ede w lè w ap fè biznis ak Sekirite Sosyal. Nou pral travay avèk reprezantan w lan, menm jan nou te travay avèk ou.

Pou pwoteksyon pa w, nan pifò sitiyasyon, reprezantan w lan paka chaje w oswa kolekte lajan nan men w san li pa jwenn otorizasyon alekri nan men nou dabò. Sepandan, reprezantan w lan ka aksepte lajan nan men w alavans depi yo kenbe lajan sa a nan yon kont fidisi oswa yon kont ki apa.

Ni oumenm ni reprezantan w lan responsab pou ban nou enfòmasyon ki egzat. Li ilegal pou bay fo enfòmasyon volontèman oswa pa ekspres. Si w fè sa, ou ka gen pou fè fas a pousuit kriminel.

Ki sa yon reprezantan ka fè

Yonfwa ou nonmen yon reprezantan, li ka aji nan non w devan Sekirite Sosyal lè l:

- Jwenn enfòmasyon ki nan dosye Sekirite Sosyal ou a;
- Ede w jwenn dosye oswa enfòmasyon medikal pou sipòte reklamasyon w lan;
- Vini avèk ou, oswa pou ou, nan nenpòt entèvyou, konferans oswa odyans ou genyen avèk nou;
- Mande pou yon rekonsiderasyon, odyans oswa revizyon devan konsèy apèl; epi
- Ede w ansanm ak temwen w lan prepare pou yon odyans epi pou kesyone nenpòt temwen.

